

# Pwogram pou Elèv k ap Aprann Lang Angle (English Language Learner Program – ELL)

## Lekòl Piblik Norwood yo



Lekòl Piblik Norwood yo ap akeyi elèv ki gen divès bakgrawn ak eksperyans kiltirèl. Koulye an n ap ofri sèvis bay 240 elèv ki soti nan 35 peyi epi ki pale 34 lang.

Pwogram Elèv k ap Aprann Lang Angle Norwood lan asire li pou tout elèv ki gen konpetans limite nan lang Angle jwenn aksè nan opòtinite edikasyon, lè yo founi sèvis ki asiste elèv sa yo pou yo kapab rive jwenn konpetans nan lang Angle, devlope bonjan nivo kapasite nan lang Angle epi pou yo respekte menm estanda pou tout Eta a tout elèv sipoze respekte.

Pwogram Elèv k ap Aprann Lang Angle nan Norwood ofri entriksyon espesyalize nan lang Angle bay elèv ki poko gen konpetans nan lang Angle. Pwogram nou an fèt pou bay devlopman sekansyèl nan lang Angle ki ede elèv yo aprann lang Angle grasa dokiman Estanda lang Angle WIDA (World Class Instructional Design and Assessment) ki soti nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts antanke pwogram fondamantal korikolòm la. Korikolòm la baze sou larechèch syantifik epi li fèt pou respekte estandan akonplisman akademik ki koresponn ak laj timoun yo pou chak kals oswa gwoup klas. Kontni ki pou chak klas konpreyansib grasa teknik echafodaj pou respekte bezwen lengwistik endividyèl elèv yo ak metòd pou aprann. Elèv yo benefisye yon apèsi sou vokabilè a epi yo mete yon seri de

verifikasyon de konpreyansyon yo pou asire yo konprann vokabilè a. Enstriksyon an wotman entèyaktif grasa divès regwoupman ak anpil opòtinite pou devlope kapasite pou koute epi pou pale. Enfòmasyon yo prezante grasa òganizatè grafik, teknik vizyèl, divès nivo langaj akademik ansanm ak lòt estrateji ak teknik ki ede elèv yo konprann kontni an. Pwofesè ESL yo bay asistans espesyalman nan langaj ak literati Angle, men yo gendwa bay sipò adisyonèl nan matematik ak nan lòt sijè tou. Pwofesè salklas ak sipò yo abseye kolaborativman ak pwofesè ESL yo. Elèv ELL yo gen entèraksyon toulejou ak elèv parèy yo ki pale Angle natifnatal.

Konsèp pwogram ESL lan respekte rekòmandasyon ak direktiv pou alokasyon tan pou divès nivo konpetans ak laj pou elèv ELL yo. Pwogram nou egzije tou kontni korkolòm ki espesifik, estanda Eta ak distri ap oryante. Tit III mande yon evalyasyon anyèl konpetans nan lang Angle pou tout elèv ki gen Konpetans Limite nan Lang Angle (LEP) ki frekante jadendafan jiska 12yèm klas nan domèn konpreyansyon, ekspresyon oral ak ekrit. Yo dwe evalye elèv LEP yo chak ane pou chèche konnen pwogrè chak elèv nan chak domèn. Lè yon elèv atenn yon nivo Ratrapaj Ekselan Konpetans nan Lang Angle (Fluent English Proficiency Bridging), elèv la p ap kontinye resevwa sèvis ELL anplis, men y ap sivye li pandan de (2) lane akademik pou garanti l ap kontinye pwogrese akademikman.

Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts rapòte pwogresyon elèv yo nan de (2) fèy rapò.

- ✚ **Tès ACCESS la** – yo bay li an janvyè – fevriye nan chak ane. Yo bay tès sa a chak ane antanke yon mezi de responsabilizasyon. Se yon tès ki gen twa (3) pati ladann, kifè elèv yo dwe reponn kesyon ki sible nivo konpetans nan Lang Angle yo genyen nan moman sa a. Grasa tès sa a, elèv yo kapab montre say o konnen nan moman y ap fè tès la.
- ✚ **Egzamen MODEL** – yon egzamen oswa yon mezi konpetans nan lang pa etap ki bay pwofesè yo yon zouti pou pran desizyon plasman inisyal ak done pou enstriksyon. Egzamen sa a se pwofesè ESL la ki administre li depi elèv la antre nan sistèm Lekòl Piblik Norwood yo.
- ✚ **MCAS** – Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts administre chak ane tès MCAS yo. Tès sa yo mezire pwogrè pitit la pou li atenn egzijans korikolòm Eta a.
  - **MCAS fè referans a Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts (Comprehensive Assessment System) lan.** Tès sa se pou tout elèv ki nan 3yèm klas oswa pi wo. Se yon sistèm ki baze sou estanda pou tout Eta a ki sèvi pou

*evalye pèfòmans elèv, lekòl ak distri yo. Epitou yo itilize rezilta yo pou enfòmasyon ak amelyore korikolòm ak enstriksyon an.*

- ✚ **AYP** – Yo rapòte rezilta tès sa yo bay Lekòl Piblik Norwood yo sou fòm done endividyèl pou chak elèv, done pou tout lekòl la ak done pou tout sistèm la. Epitou Eta a rapòte Pwogrè Anyèl Apwopriye (Adequately Yearly Progress – AYP). Rapò sa a detèmine akonplisman chak distri lekòl ak chak lekòl alafwa nan lekti ak nan matematik. AYP fèt pou pwomouvwa amelyorasyon san rete chak ane pou reyalize obejktif 100% koneptans pou lane 2014.
- ✚ **AMAO** – Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts fiske chak ane Objektif Akonplisman Mezirab Anyèl (Annual Measurable Achievement Objectives – AMAO) yo epi li espesifye pousantaj pwogrè akademik.
- ✚ **Yo voye kopi rezilta endividyèl MCAS yo pou chak timoun kay pran/gadyen pitit lan. Yo voye tou lèt ak pake enfòmasyon lakay la epi yo afiche yo konsènan Pwogrè Anyèl Apwopriye, kanè NCLB ak rapò AMAO yo.** Yo afiche kopi rapò sa yo sou wèbsayt Lekòl Piblik Norwood yo depi yo disponib nan [www.norwood.k12.ma.us](http://www.norwood.k12.ma.us).

Gen anviwon 240 elèv ki enskri nan pwogram ELL Lekòl Piblik Norwood yo. Pwogram ESL la egziste nan 6 lekòl prime, nan Coakley Middle School ak nan Norwood High School. Anplwaye ESL yo travay men nan lamèn epi kolabore ak pwofesè salklas yo, anplwaye sipò yo, direktè bilding lan ak paran yo pou asire chak timoun resevwa pi bon edikasyon ki posib.

### **Objektif Pwogram pou Elèv k ap Aprann Lang Angle:**

- ✚ Ofri yon anviwònman akeyan kote elèv yo gen libète pou pran risk epi eksplòre Lang Angle.
- ✚ Fasilite devlopman rapid Lang Angle pou elèv yo ka patisipe nèt nan tout aktivite edikasyon jeneral yo.
- ✚ Fasilite devlopman konpetans nan Lang Angle ak konpreyansyon nan domèn konpreyansyon, lekti ak ekriti.

Pwogram ESL Norwood lan itilize estrateji pou ede elèv yo metrize Lang Angle rapidman, jan sa posib. Pwogram lan fèt pou devlope konpetans akademik ak sosyal ki apwopriye ak pwogrè nan sèten domèn san yo pa pèdi okenn konpetans nan Lang Angle. Kad la entèyaktif epi li entegre konpetans ak konsèp ki fòmile yon fason ki gen sans epi ki itil pou elèv yo pou pwofesè yo kapab reponn ak divès metòd aprantisaj, bakgrawn kiltirèl ak nivo lengwistik yo.

Elèv ELL yo ki frekante Lekòl Piblik Norwood yo soti nan divès milye, bakgrawn edikasyon ak eksperyans kiltirèl ki diferan. Yo te anseye sèten elèv Angle kòm yon lang etranje, gen lòt ki pa t gen eksperyans oswa enpe eksperyans ak Lang Angle. Kantite elèv ELL ki antre epi soti nan sistèm lekòl nou an kontinye ap kreye yon gwo difikilte. Mouvmman sa a mande kominikasyon ki konstan, anplwaye ki fleksib ak chanjman nan orè onivo de chak lekòl.

## **Kijan yo idantifye elèv yo?**

Nan moman enskripsyon elèv yo nan Lekòl Piblik Norwood yo, paran yo dwe ranpli yon **Sondaj Lang Natifnatal pou timoun yo**. Si paran an endike lang natifnatal pitit la pa Angle, yo pral refere elèv la pou li fè yon evalyasyon konpetans nan Lang Angle. Ane sa a yon pwofesè Angle kòm Dezyèm Lang pral administre **zouti egzamen MODEL la**. Evalyasyon sa a bay pwofesè yo enfòmasyon osijè langaj, kilti ak bakgrawn konsènan elèv ki fèk vini a. Yo itilize rezilta yo pou detèmine ladrès jeneral yon elèv genyen pou kominike epi konprann Angle nan domèn tankou ekspresyon oral, konpreyansyon, lekti ak redaksyon. Yo konseye paran yo osijè opsyon nan pwogram la ak enfòmasyon konsènan dwa yo genyen pou aksepte oswa refize sèvis ki disponib yo. Si paran refize sèvis yo, se pou elèv la fè tès Eta a egzijè yo kanmenm. Si paran an aksepte rekòmandasyon pwogram lan, alòs yo plase elèv la nan sèvis pwogram ESL yo. Yo plase elèv yo nan pwogram selon nivo konpetans yo nan ekspresyon oral, konpreyansyon, lekti ak redaksyon.

## **Ki kote yo bay sèvis ESL?**

Anplis de enstriksyon nòmal nan salklas nòmal yo, pwofesè ESL yo bay sèvis nan chak lekòl kote pitit yo ale. Yo bay sèvis yo grasa yon modèl mizapa, kote yo retire elèv yo nan salklas yo endividyèlman oswa nan ti gwoup. Sèvis ESL yo onivo segondè gendwa se enklizyon an yon salklas ESL pandan yon moman nan jounen an oswa li ka itilize modèl mizapa a, selon orè elèv la ak pwogramasyon lekòl la.

## **Imèsyon Pwoteje Lang Angle (Sheltered English Immersion)**

“Pwoteje” ann Angle se yon fason pou modifiye korikolòm la, estrateji enstriksyon yo, evalyasyon ak materyo pou tout nivo elèv k ap aprann Angle nan salklas edikasyon jeneral la. Nan Massachusetts, Depatman Edikasyon Primè ak Segondè te mande pou tout pwofesè salklas ansanm ak lòt anplwaye pwofesyonèl ranpli 4 kategori SEI, oswa fòmasyon nan Imèsyon nan Angle ki Pwoteje (Sheltered English

Immersion — SEI). Fòmasyon sa a ranfòse kapasite yo pou travay efikasman ak tout elèv k ap aprann, ikonpri ak elèv ELL yo. Pwofesè Norwood yo pral gen opòtinite pou aprann tout nouvo estandan WIDA yo grasa pwogramasyon devlopman pwofesyonèl nou an.

## **Patisipasyon**

Patisipasyon nan pwogram ESL la fakiltatif epi paran yo gen dwa retire pitit yo nenpòt kilè. Paran ki refize sèvis yo dwe konnen Depatman Edikasyon mande pou pitit yo pran tès Evalyasyon Konpetans nan Lan Angle (English Language Proficiency Assessment — ACCESS) an chak ane jiskaske yo reyisi pase tès la oubyen prèy de konpetans yo etabli grasa yon lòt mezi (IPT, DRA, elatriye.)

## **Konbyen pitit mwen ap rete nan Pwogram ELL lan?**

Konbyen tan pitit ou ap nan pwogram ELL lan depann sou devlopman konpetans li nan Lang Angle. Gen divès faktè ikonpri laj li genyen lè l ap aprann lang Angle, konbyen ane l ap etidye Angle, nivo alfabetizasyon li nan lang natifnatal li, elatriye. Pwofesè ap analize nòt, rezilta tès Eta a enpoze, rekòmandasyon pwofesè yo ansnam ak lòt kritè san rete pou chèche konnen kilè pitit ou an p ap bezwen asistans lengwsitik ankò. Larechèch montre anmwayèn sa mande ant 5 ak 7 lane pou elèv yo aprann Angle ase byen pou yo kapab wjenn siksè nan salklas la.

## **Reklasifikasyon epi Egzeyat nan Pwogram ELL lan:**

Elèv yo ap kite pwogram ESL lan depi yo reyalize yon 5 (Ratrapaj) nan tès ACCESS lan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts administre nan peryòd livè chak lane. Elèv ki fèk rive nan Lekòl Piblik Norwood yo ap pran tès MODEL la nan peryòd lotòn nan ane yo te entre nan sistèm nou an epi Tès ACCESS la nan peryòd livè nan premye lane an.

Nivo konpetans pou ACCESS lan se Nivo 1 - Antre, Nivo 2 - Debitan, Nivo 3 – Devlopman, Nivo 4 – Extansyon, ak Nivo 5 – Ratrapaj.

Depi gen prèy elèv la kapab patisipe kòrèkteman nan matyè akademik ki pou laj li epi pèfòmans li nan menm nivo ak rès klas li, yo gade si yo pa kapab fè yo soti nan

pwogram ELL lan. Yo notifie alekri paran ak pwofesè salklas yo lè yo reklase yon elèv pou mete li anba siveyans.

Règlemantasyon Eta a mande pou yon elèv ki soti nan pwogram ESL la rete anba siveyans pandan de (2) lane pou wè si l ap jwenn siksè nan salklas nòminal la. Lè peryòd notasyon yo prèt pou fini, pwofesè salklas yo resevwa yon “Sondaj Rapò sou Siveyans (Monitor Reporting Survey)”. Objektif dokiman sa a se pou endike si elèv la gen difikilte akademik. Si elèv la gen difikilte ki gen pou wè ak devlopman lengwistik li, yo pral remete li nan pwogram ESL lan.

Yo sispann siveyans lan apre de (2) lane si rezilta siveyans lan endike elèv la nap jwenn sikè nan salklas nòminal la epi li gen bonjan konpetans nan Lang Angle.

## **Angajman Paran yo**

Lekòl Piblik Norwood yo ankouraje paran yo jwe yon wòl aktif nan edikasyon pitit yo ak nan kominote lekòl la. Gen divès fason pou patisipe nan kominote lekòl la, ikonpri lè paran yo ale wè evènman kiltirèl lekòl la òganize, fè volontarya pou okipe timoun yo pandan yon deplasman ak tout klas la andeyò lekòl la, patisipe nan òganizasyon PTA/PTO an ki nan lekòl piti ou an. Tanpri pa ezite mande pwofesè ESL oswa pwofesè salklas pitit ou an si gen lòt opòtinite toujou.

## **Sous finansman**

Se bidjè minisipalite Norwood, lajan Tit I ak Tit III ki finance aktivite pwogram ESL yo. Kantite sous finansman sa yo varye chak lane, men pwogram lan rete konsistan pou kenbe sèvis nou bay elèv ELL nou yo.

**Alokasyon sibvansyon Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts pou Lekòl Piblik Norwood yo baze sou kantite elèv ki enskri nan pwogram ELL lan. Alokasyon sibvansyon pou lane fiskal 2015 se \$ 41,184.**